# Unggah-ungguh Basa Jawi

- AJINING DHIRI DUMUNUNG ING LATHI
- AJINING RAGA DUMUNUNG ING BUSANA
- AJINING AWAK DUMUNUNG ING TUMINDAK

# Unggah-ungguh basa Jawa

Ragam:
Ngoko = ngoko lugu – ngoko alus
Krama = krama lugu – krama alus

# WUJUDING LEKSIKON BASA JAWI

1. LEKSIKON NGOKO

Titikanipun:

- minangka dhasar wujuding leksikon madya, krama, krama andhap & krama inggil,
- gadhah wujud sanes ing leksikon madya, krama, krama andhap & krama inggil (saged salah satunggal),
- dipunginakaken O1, O2, & O3.

Tuladha:

| N | M | K | Ki | Ka |
|---|---|---|---|---|
| abang | – | abrit | – | – |
| arep | ajeng | badhe | – | – |
| lunga | – | kesah | tindak | – |
| aweh | – | suka | atur/ caos | paring |

## 2. LEKSIKON MADYA

Titikanipun:

- leksikon krama ingkang dereng kapireng alus,
- gadhah wujud sanes ing leksikon ngoko & krama, nanging boten sedaya leksikon ngoko gadhah wujud leksikon madya,
- wonten ingkang awujud wancah saking leksikon krama lan wonten ingkang boten awujud wancahan,
- gunggungipun leksikon madya winates,
- dipunginakaken O1, O2, & O3.

Tuladha:

| N | M | K |
| --- | --- | --- |
| gedhe | – | ageng |
| larang | – | awis |
| percaya | – | pitados |
| arep | ajeng | badhe |
| menyang | teng | dhateng |

Tuladha:

- Awujud wancah saking leksikon Krama

| M | K |
|---|---|
| ngga | mangga |
| dugi | dumugi |
| napa | menapa |
| ngge | kangge |
| nggen | panggenan |
| njing | benjing |
| seg | saweg |
| riyin | rumiyin |
| teng | dhateng |

Tuladha:

- Ingkang boten awujud wancahan=

  ajeng, tumut, sampeyan, samang, kepripun, kajenge, niki, niku, turene.

3. LEKSIKON KRAMA

Titikanipun:

- wujud alus saking leksikon ngoko,
- wonten ingkang wujudipun beda kaliyan ngokonipun & awujud ewah-ewahan saking leksikon ngoko,
- dipunginakaken O1, O2, & O3.

# Tuladha

| N | K |
|---|---|
| gedhe | ageng |
| cilik | alit |
| ireng | cemeng |
| bengi | dalu |
| urip | gesang |

Tuladha

Awujud ewah-ewahan saking leksikon ngoko

| N | K |
|---|---|
| amarga | amargi |
| cukup | cekap |
| coba | cobi |
| batin | batos |
| butuh | betah |
| obah | ebah |

## 4. LEKSIKON KRAMA INGGIL

Titikanipun:

- nginggilaken mitra wicara,
- wonten ingkang gadhah wujud ing leksikon krama & ngoko, utawi naming ngoko & boten gadhah wujud ing leksikon sanesipun,
- dipunginakaken O2, & O3,
- O1 ngginakaken krama andhap/ krama/ ngoko.

Tuladha

| N | K | Ki |
|---|---|---|
| omah | griya | dalem |
| mangan | nedha/ nedhi | dhahar |
| teka | | |
| mulih | | |

Tuladha

Boten gadhah wujud ing leksikon sanesipun

| N | K | Ki |
|---|---|---|
| tangan | – | |
| rambut | – | |
| irung | – | |

5. LEKSIKON KRAMA ANDHAP

Titikanipun:

- kangge ngurmati mitra wicara,
- gunggungipun winates (paring, matur, ndherek, sowan/ marak, suwun),
- naming kangge O1.

Tuladha:

| Ka | Ki |
|---|---|
| paring | atur/ caos |
| sowan | rawuh |
| matur | ngendika |
| suwun | ngersakaken |

6. LEKSIKON NETRAL

Titikanipun:

- leksikon ngoko ingkang boten gadhah wujud ing leksikon sanesipun,
- dipunginakakaken O1, O2, & O3.